

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Vatendi veMwaka Yose

Ndine ndangariro dzechikamu chenyika chakanga chakanakisisa zvikuru mumwaka mina yose yegore. Mwedzi wega wega waipfuura wakanga wakanakisisa uye uchishamisa. Munguva yezuva remuchando rakanaka, mazaya echando akachena asina kana kavara aifukidza makomo nemigwagwa yeguta. Mvura inonaya muchirimo yaichenesa zvinhu zvose ichikonzera miti nezvinomera kubuda, nekupfumvura mashizha namaruva. Zuva rakajeka raipenya mumakore akadzikama, akachena emuzhizha. Uye matsutso ano-fadza meso aishandura zvinomera kuita mavara akanakisisa erudzi rweorenji, yero, nezvitsvuku. Semwana mudiki, ndaida mwaka wega wega, uye kunyange nahasi, ndinoda chimiro nesiyanano yemwaka wega wega.

Tine mwaka muupenyu hweduwo. Mimwe inodziya uye yakanaka. Mimwe haidziyi uye haina kunaka. Mamwe emazuva muupenyu hwedu akanaka semifananidzo iri mukarenda. Asi zvakadaro kune mazuva nemamiriro ezvinhu anokonzera kurwadza kwemwoyo uye angangounza muupenyu hwedu manzwiwo akadzama ekuora mwoyo, kuvenga, nekushatirwa.

Ndine chokwadi chekuti paneimwe nguva tose takafunga kuti zvaizova zvakanaka kugara munyika izere chete nemazuva emwaka yakanaka semifananidzo uye torega kuona nguva dzakipapakatipawo.

Asi izvi hazvikwanisike. Uye hazvidikanwe.

Apo pandinofunga nezvenhorondo yeupenyu

hwangu, zviripachena kuti nguva zhinji dzekukura zvikurusa pamweya dzakauya apo pandaisangana nenguva dzakaoma.

Baba vedu Vekudenga vaneuchenjeri hwese vaiziva kuti, kuita kuti vana Vavo vakure kuva vanhu vavakasikirwa kuti vazove, vaifanira kusangana nemwaka yematambudziko munguva dzavo dzeupenyu huno. Muporofita weBhuku raMormoni Rihai akati kana pasina pikisano, “utsvene hawaizokwanisa kuunzwa” (2 Nifai 2:11). Zvechokwadi, marwadzo eupenyu anotibvumira kuziva, kusiyanisa, nekutenda kutapira kwahwo (ona D&Z 29:39; Mosesi 6:55).

Mutungamiri Brigham Young vakataura izvi nemazwi aya: “Vese vanhu vakachenjera vanogadzwa nekورونا dzekubwinya, dzekusafa, nedzeupenyu husingaperi vanofanira kupfuura nemudambudziko rese rakarongerwa vanhu vakachenjera kuti vapfuure namariri, kuti vawane kubwinya nekusimudzirwa kumusoro-soro kwavo. Rese dambudziko rinokwanisa kuuya pavanhu venyama richa-uya . . . kuvagadzirira kunakirwa nekuva pamberi paIshe. . . . Chese chiedzo nechitiko chawakasangana nacho chinodikanwa kuitira ruponeso rwako.”¹

Mubvunzo hausi wekuti tichasangana here nemwaka yezvinetso asi matakuriro atichaita zvinetso izvozvo. Mukana wedu mukuru munguva dzemwaka inogara ichishanduka yeupenyu ndewekubatirira zvakasimba kushoko rikatendeka raMwari, nokuti rairo Yavo yakaitirwa

kwete chete kuti itibatsire kushingirira zviitiko zvakaoma zveupenyu asiwo kutitungamirira kupfuura nemazviri. Baba vedu Vekudenga vakatipa shoko Ravo kuburikidza nemaporofita Avo—ruzivo rwakakosha rwakagadziri-rwa kutitungamirira nemuzvinetso zvemwaka yakaoma kuenda kurufaro rwusingataurike nechiedza chinopenya cheupenyu hwekusingaperi. Chikamu chinokosha chechiitiko cheupenyu hwedu kukudziridza simba, ushingi, nerukudzo rwunotibatsira kubatirira zvakasimba kucho-kwadi neururami kunyange nezvinetso zvatingangosangana nazvo.

Avo vanhu vakabhabhatidzwa uye vakagashira chipo cheMweya Mutsvene vakaisa tsoka dzavo munzira yehudzidzi uye vanorairwa kutevera mutsoka dzeMuponesi wedu zvisina kutsauka uye zvakatendeka.

Muponesi akadzidzisa kuti zuva rinobudira “vakaipa nevakanaka, uye . . . mvura [inonaira] vakarurama nevasakarurama” (Mateo 5:45). Dzimwe nguva tinotadza kunzwisisa kuti sei zvinhu zvakaoma, kunyange zvisina kunaka zvichiitika muupenyu hwedu. Asi sevateveri vaKristu, tinovimba kuti kana “tikashingirira kutsvaga, tichinamata nguva dzose, uye nokuva tinotenda, . . . zvinhu zvose zvichashanda pamwechete kuti pundutsa, kana [ti]kafamba takatwasanuka” (D&Z 90:24; emphasis added).

Senhengo dzeChechi Yake, seVatendi, tinoshandira nerufaro uye nechido mumamiriro ekunze ose uye nemumwaka yose. Uye apo patinoita izvozvo, mwoyo yedu inova inozadzwa nerutendo rutsvene, netariro inoporesa, nerudo rutsvene rwekudenga.

Asi zvakadaro, tinofanira kupfuura nemumwaka yose—yakanaka neinorwadza. Asi zvisinei nekuti mwaka upi, sevateveri vaJesu Kristu, tichamisira zvakasimba tariro yedu paAri apo patinofamba takananga kuchiedza Chake.

Muchidimbu, tiri Vatendi vaMwari, vakazvipira kudzidza neZvavo, kuVada, Nekuda vamwe vedu. Tiri vafambi varikufamba panzira tsvene inoteverwa nevadzidzi, uye tichafamba tisingasuduruke takananga kuchinangwa chedu chekudenga.

Nokudaro tinofanira kuva Vatendi muchirimo, muzhizha, matsutso nemuchando. Tinofanira kuva Vatendi munguva dzose dzeupenyu hwedu.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. *Teachings of Presidents of the Church: Brigham Young* (1997), 261–62.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Vatungamiri Vekutanga vakadzidzisa kuti, “Dzimwe dzemharidzo Dzakanakisisa dzinoparidzwa nekuimba nziyo” (*Hymns*, ix). Apo pamunokurukura shoko rino, funga kuimba neavo vamunodzidzisa imwe yenziyo idzi kana rumwe rumbo pamusoro pekushingirira mudambudziko: “How Firm a Foundation” (nhamba 85); “The Lord Is My Shepherd” (nhamba 108); kana “Let Us All Press On” (nhamba 243). Kana uchinzwa kukurudzirwa, govera nguva imwe apo chiitiko chakaoma muupenyu hwako chakapedzisira chava ropafadzo.

VECHIDIKI

Ndakakwanisa Kusununguka paRusuwo Rwangu

NaJuan Zhu

Apo shamwari dzangu Bhuradha Chen nemudzimai wake pavakabhabhatidzwa kuvanhengo muwadhi medu, ndakafara zvikuru. Pakupera kwegore rimwechete mushure merubhabhatidzo rwavo, vakasungandzwa mutemberi, uye mwanakomana wavo akanga afa vasati vapinda Chechi akasungandzwa kwavari. Zvaifadza zvikuru kuona vanaChen vachikura muvhangeri.

Asi zvino Bhuradha Chen vakauraiwa mutsaona yemotokari gore rakatevera. Mushure metsaona, rufu rwavo rwairatidzika serwairamba rwuri mupfungwa mangu uye kazhinji rwuchiuya muzviroto zvangu. Ndaimuka ndichichema uye ndichidzokorora kubvunza kuti, “Sei? Sei Ishe vachibvumira rudzi urwu rwetsaona kuti rwuitike? Sei chinhu chakadai chichiitika kumhuri yakanaka iyi?” Rimwe zuva, apo pandaitambudzika nemibvunzo iyi, ndakasimudza bhuku rezvidzidzo ndikaverenga mazwi aya kubva kune Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985):

“Kana tikafunga kuti upenyu hunho hwepanyika ndicho chete chikamu chekurarama kwedu, zvino marwadzo, rusuwo, kukundikana, neupenyu upfupi zvinova dambudziko rinosuwisa. Asi kana tikafunga upenyu sechinhu chekusingaperi chinobvira shure muupenyu tisati tazvarwa panyika uye chichienda mberi muneramangwana rekusingaperi shure kwerufu, zvino zviitiko zvose zvingangoiswa mumaonero kwawo ezvazviri. . . .

“Hatisi here tinosangana nezviedzo kuti tiedzwe simba redu, tinosangana neurwere kuti tingango dzidza

mwoyo murefu, tinosangana nerufu kuti tigova neupe-nyu husingaperi uye tigobwinyiswa?”¹

Panguva iyoyo, ndakasarudza kusununguka paru-suwo rwangu uye ndotarisira muneramangwana rakavimbiswa uye ringangovapo. Ndakaona mupfungwa mangu Bhuradha Chen vabatanidzwazve nemhuri yavo nerufaro. Chiratidzo ichocho chakandipa runyararo. Ndinoziva kuti Baba Vekudenga vachatipa uchenjeri neushingi zvekuti titarisane nematambudziko.

Munyori wenyaya iyi anobva kuTaiwan.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. *Teachings of Presidents of the Church: Spencer W. Kimball* (2006), 15.

VANA

Kushandira muMwaka Yose

Mutungamiri Uchtdorf vanodzidzisa kuti tinofanira ekunze ose nemumwaka yose.” Ndedzipi dzimwe nzira dzaunokwanisa kushandira vamwe munguva yechando? Ndedzipi dzimwe nzira dzaunokwanisa kushandira munguva yechirimo? Komunguva yezhizha neyematsutso? Nyora pasi mazano ako ekushandira emwaka wega wega. Ungangoda kuedza kushandisa rimwe remazano ako aya mwedzi uno!



Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Kuzviriritira

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kureliefociety.lds.org.

Kuzviriritira ikwaniso, kuzvipira, nekuedza kuzviwanira mararamiro akanaka ezvemweya neezvenyama edu pachedu neemhuri dzedu.¹

Apo patinodzidza nekushandisa misimbotti yekuzviriritira mudzimba dzedu nemunzvimbo dzatinogara, tinemikana yekuchengeta varombo nevanoshaya uye nekubatsira vamwe kuti vave vanozviriritira kuitira kuti vakwanise kushingirira munguva dzematambudziko.

Tinemukana nebasa rekushandisa sarudzo yedu kuti tive vanozviriritira panyama nepamweya. Mukutaura nezvekuzviriritira kwezvemweya uye nekuvimba kwedu panaBaba Vekudenga, Gosa Robert D. Hales veChikwata cheVaapostora Gumi neVaviri vakadzidzisa kuti: “Tinova vakatendeutsa nekuva vanozviriritira pamweya apo patinorarama nemunamato zvibvumirano zvedu—kuburikidza nekutora sakaramende zvakakodzera, kuva vakakodzera mvumo yekupinda mutemberi, uye nekuzvipira kushandira vamwe.”²

Gosa Hales vakatiraira kuti tive vanokwanisa kuzviriritira pane zvepanyama, “izvo zvinosanganisira kuwana imwedzidzo yepamusoro mushure mechikoro chesekondari kana kuwana dzidzo yekosi, kudzidza kushanda, uye kushandisa mari isingapfuure yatinotambira.

Nekudzivirira zvikwereti uye nekuchengetedza mari iyezvino, tinova vakagadzirira mushando uzere weChechi muneramangwana. Chinangwa chekuzviriritira kwezvenyama nekwezvemweya ndechekuti tizviise mumamiro akanaka kuitira kuti tigokwanisa kubatsira vamwe vanoshaya.”³

Kubva muMagwaro Matsvene

Mateo 25:1–13; 1 Timotio 5:8; Aruma 34:27–28; Dzidziso neZvibvumirano 44:6; 58:26–29; 88:118

Kubva muNhorondo Yedu

Mushure mekunge Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vaungana muNhika yeSalt Lake, yakanga iri ngwenga riri kure kwaro rega, Mutungamiri Brigham Young aida kuti vabudirire uye vamise dzimba dzakasimba dzekugara zvachose. Izvi zvaireva kuti Vatendi vaifanira kudzidza unyanzvi hwaizovabvumira kuti vave vanozviriritira. Mukuedza uku, Mutungamiri Young vaive neruvimbo rukuru mukwaniso, matarenda, rutendo, nechido chemadzimai, uye vakavakurudzira mumabasa ezvenyama avakanga vamisirwa. Kunyange zvazvo mabasa akamisirwa masisita eChita cheRubatsiro achizanzova akasiyana nhasi, misimbotti inoramba iri mimwecheteyo:

1. Dzidza kuda basa uye udzivirire nungo.
2. Iva nechido chekuzvipira.
3. Tambira sebaso rako pachako rekuona nezve kusimba pane zve-mweya, utano, dzidzo, mushando, zvemari, kudya, uye nezvimwe zvinodikanwa zvekuraramisa upenyu.
4. Namatira kuva nerutendo neushingi hwekushingirira pazvinetso.
5. Simbisa vamwe vanoda rubatsiro.⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 6.1.1.
2. Robert D. Hales, “Coming to Ourselves: The Sacrament, the Temple, and Sacrifice in Service,” *Liahona* ne*Ensign*, Kubvumbi 2012, 34.
3. Robert D. Hales, “Coming to Ourselves,” 36.
4. Ona *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 51.

Chii Chandingaita?

1. Ndirikubatsira sei masisita andinotaririra kuti vawane mhinduro kuzvidikanwi zvavo zvenyama nezvemweya?
2. Ndiri kuwedzera here kuzviriritira kwangu kwezvemweya kuburikidza nekugadzirira kutora sakaramende nekuzvipira kuti ndishandire?

© 2013 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzera dziripamutemo dzekushandisa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/13. Mvumo yedudziro: 6/13. Dudziro ye *Visiting Teaching Message*, September 2013. Shona. 10669 731